

## ABSTRAK

**Visa Septy Fatwa Waryanto (2025). Efektivitas Pelayanan Perusahaan Umum Daerah dina Ngalaksanakeun Kawajiban Konstitusional kana Aksés Cai Beresih ka Masarakat: Panalungtikan Survei Warga Ciparay dina Ngalawan Gangguan Distribusi Akibat Cuaca Ekstrem dina Pelayanan Perumda Cai Inum Tirta Raharja.**

Panalungtikan ieu boga tujuan pikeun nangtukeun efektivitas pelayanan Perusahaan Umum Daerah (Perumda) Cai Inum Tirta Raharja dina ngalaksanakeun kawajiban konstitusional pikeun nyayagikeun aksés cai beresih ka masarakat, khususna di wewengkon Ciparay anu kapangaruhan ku gangguan distribusi alatan cuaca ekstrem. Aksés kana cai beresih mangrupikeun hak konstitusional warga nagara, sarta pelayanan nu optimal ti panyadia cai inum jadi indikator penting dina nyumponan éta hak. Dina kaayaan cuaca ekstrem saperti hujan gede nu nyababkeun banjir atawa gangguan téknis séjénna, mindeng kajadian gangguan distribusi cai beresih nu mangaruhan langsung kana kahirupan sapopoe masarakat. Méthode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta metode kuantitatif kalayan pendekatan déskriptif. Téknik nyokot conto dilakukeun ngaliwatan probability sampling, kalayan populasi panalungtikan nyaéta warga Ciparay anu jadi palanggan aktif Perumda Cai Inum Tirta Raharja. Pangumpulan data dilakukeun ngaliwatan panyebaran kuisionér jeung wawancara pikeun meunang informasi ngeunaan persepsi masarakat kana pelayanan cai beresih, komunikasi ti pihak Perumda, tingkat kapuasan, jeung tantangan ogé solusi nu dipigawe. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén pelayanan Perumda Tirta Raharja bisa disebut cukup efektif dina ngalaksanakeun kawajiban konstitusionalna, sanajan masih aya sababaraha halangan dina aspék distribusi nalika kaayaan cuaca ekstrim. Dumasar kana analisis data regresi linier ganda, kapanggih yén variabel pelayanan Perumda mibanda pangaruh nu signifikan kana kapuasan jeung kapercayaan masarakat dina ngaksés cai beresih. Nilai R square 0,773 atawa 77% nunjukkeun yén 77% variasi tina efektivitas pelayanan dipangaruhan ku faktor-faktor nu diteliti, sedengkeun 23% deui dipangaruhan ku variabel séjén di luar panalungtikan ieu.

**Kecap Konci: Cai Beresih, Cuaca Ekstrem, Efektivitas Pelayanan, Kawajiban Konstitusional, Perumda Tirta Raharja.**